

BAB I BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Basa jeung sastra téh mangrupa dua hal anu teu bisa dipisahkeun, sabab dina basa miboga sawatara fungsi diantarana salaku fungsi interaksi jeung fungsi imajinatif. Fungsi interaksi téh pikeun ayana komunikasi. Sedengkeun fungsi imajinatif téh rekaan basa anu méré rasa éndah atawa nu ngamunculkeun kasugemaan batin sabada maké basa.

Ieu dua fungsi basa téh, bisa kapanggih dina wangun karya sastra. Karya sastra téh ngungkab rasa jeung pikiran hiji pangarang anu ngagunakeun basa salaku media pikeun nepikeun pesen ka nu maca. Basa anu dipaké wangunna bisa lisan atawa tulisan. Saluyu jeung wangenan karya sastra nurutkeun Rene Wellek jeung Austin (dina Isnéndés, 2010, kc. 4), yén karya sastra téh karya anu digelarkeun ngaliwatan medium basa, boh lisan boh tinulis, anu pinuh ku ambiguitas, homonim, mibanda katégori-katégori tan aturan, teu rasional, jeung pinuh ku asosiasi atawa konotatif. Ku kituna bisa dihartikeun yén karya sastra téh seni basa.

Ditilik tina waktu gelarna, karya sastra téh aya anu asup kana karya sastra heubeul jeung karya sastra anyar. Di sagigireun éta ogé, karya sastra mangrupa carita rékaan boh prosa, puisi, boh drama. Dina istilah kasusastraan prosa téh miboga sipat fiksi. Saluyu jeung wangenan fiksi nurutkeun Altenberd jeung Lewis (dina Nurgiyantoro, 2015, kc. 3), fiksi bisa dihartikeun salaku prosa naratif anu sipatna imajinatif, tapi kaharti ku akal jeung miboga bebeneran.

Sanajan kitu bebeneran dina karya sastra lain hartina disaruakeun jeung nu aya di dunya nyata, tapi pangarang sacara imajinatif ngaréka kasang tukang nu aktual, nepi lir kungsi kajadian.

Karya sastra anu jadi bahan dina ieu panalungtikan nyaéta dongéng nu mangrupa karya sastra heubeul. Sumebarna dongéng mah teu kawatesan, teu kasenger ku waktu, tempat, nu nepikeun, nu ngadéngékeun, sarta eusi carita, ku kituna ngajadikeun dongéng téh loba variasina. Sanajan dongéng loba variasina, upama miboga téma carita anu sarua bakal aya sasaran jeung bébédaan carita.

Santiah, 2021

BABANDINGAN DONGÉNG SANG RAJA PUTRI SARENG SADÉREKNA DUAWELAS KARYA LAMININGRAT, "THE TWELVE BROTHERS", JEUNG "DUA BELAS BERSAUDARA" KARYA JACOB GRIMM (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG SASTRA BANDINGAN)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Ieu dikuatkeun ku tiori yén dina karya sastra geus lumrah upama eusi carita miboga sasaruuan jeung carita séjénna, sabab karya sastra diwangun ku ayanan pangalaman hirup pangarang (Isnéndés, 2018b, kc. 20-21). Jadi, pangarang nyokot pasualan-pasualan nu aya disabudeureuna tuluy diangkat jadi hiji karya sastra. Ku kituna karya sastra mah hésé upama néangan anu murni.

Dongéng karya Jacob Grimm anu judulna “*Die Zwölf Brüder*” dina basa Jérman mangrupa karya sastra anu kasohor di dunya, ku kituna loba pangarang anu narjamahkeun kana rupa-rupa basa, saperti ditarjamahkeun kana basa Sunda ku Raden Ayu Lasminingrat anu judulna *Sang Raja Putri sareng Sadérékna Duawelas* taun 1887 anu tuluy dipedalkeun ku Cv Studio Proklamasi taun 2016. Ditarjamahkeun kana basa Inggris ku Jack Zipes anu judulna “*The Twelve Brothers*” anu dipedalkeun ku Princeton University Press taun 2015. Ditarjamahkeun kana basa Indonésia ku Kuncoro jeung Audrey anu judulna “*Dua Belas Bersaudara*” anu dipedalkeun ku Abdi Tandur taun 2010.

Sasaruuan carita dina dongéng karya Lasminingrat jeung Jacob Grimm nyaéta nyaritakeun hiji Putri anu teu ngahaja ngarobah duawelas sadérékna jadi manuk gagak sarta Putri pirem pikeun nyalametkeun duawelas sadérékna.

Salian tarjamahan tina karya Jacob Grimm, ieu dongéng téh ditulis ku pangarang anu *legendaris* nyaéta Raden Ayu Lasminingrat jeung Jacob Grimm. Lasminingrat nyaéta wanoja Sunda munggaran di Indonésia anu mampuh nulis téks sastra dina mangsa Walanda sarta bukuna dicitak. Sedengkeun Jacob Grimm nyaéta urang Jérman anu mampuh ngumpulkeun dongéng-dongéng lisan bangsa Éropah nepika jadi wangun buku.

Dongéng *Sang Raja Putri sareng Sadérékna Duawelas* mangrupa adaptasi tina *Warnasari jilid II* (1887). Ieu dongéng téh tarjamahan tina carita-carita nagara Éropah hususna Walanda, jadi éta carita téh salinan tina buku Walanda anu tuluy dijembarkeun maké basa Lasminingrat.

Dongéng “*The Twelve Brothers*” mangrupa tarjamahan tina buku *Kinder-und Hausmärchen* (1863). Dina ieu dongéng caritana miboga unsur aniaya anu mangrupa hal umum dina carita rayat di Éropah.

Santiah, 2021

BABANDINGAN DONGÉNG SANG RAJA PUTRI SARENG SADÉRÉKNA DUAWELAS KARYA LASMININGRAT, “THE TWELVE BROTHERS”, JEUNG “DUA BELAS BERSAUDARA” KARYA JACOB GRIMM (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG SASTRA BANDINGAN)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Dongéng “*Dua Belas Bersaudara*” mangrupa tarjamahan tina buku *Grimm’s Tales for Young and Old* (1977). Dina ieu dongéng carita aniaya anu dimunculkan teu pati vulgar, sanajan ieu carita téh disadur tina carita rayat Éropah.

Nilik kana sababaraha hal anu dipedar diluhur, ieu tilu dongéng téh cocog pikeun dijadikeun objek panalungtikan sabab disadur tina carita rayat Éropah tapi béda jaman, basa, jeung pangarangna.

Tina hasil identifikasi, kapanggih ayana sasaruana ogé bébédaan. Ieu tilu karya téh ngirut pikeun ditalungtik. Ku kituna perlu dianalisis dina ngabandingkeun éta karya. Dina prosés ngabandingkeun perlu ayana analisis sastra bandingan. Sastra bandingan téh ngabandingkeun dua karya atawa leuwih dina priode jeung basa nu béda, sarta pamarekan naon waé bisa dijadikeun alat pikeun nganalisis dina sastra bandingan, asal luyu jeung objek atawa tujuan panalungtikanana.

Pikeun maham kana adegan karya sastra sacara gembeng, salasihiji tarékahna bisa ngaliwatan pamarekan struktural. Struktural téh pikeun maluruh sawatara unsur-unsur anu silih pakait jeung mangaruhan dina hiji karya. Salasihiji unsur anu ngawangun karya téh diantarana galur, panokohan, jeung latar. Conto nalika urang rék maham sacara gembeng kana hiji karya anu témana percintaan, mangka urang kudu paham heula kana galur caritana, kumaha palaku dina éta carita, ogé iraha jeung di mana lumangsungna éta carita, ku kituna ieu hal téh silih Pakait.

Panalungtikan séjén anu nalungtik perkara sastra bandingan kungsi ditalungtik di Département Pendidikan Bahasa Sunda, anu dijadikeun référénsi dina ieu panalungtikan di antarana “Babandingan Novél Lain Éta Karya Moh. Ambri jeung Djeumpa Atjeh Karya H.M Zainuddin (Ulukan Struktural jeung Etnopedagogi) ku Witri Gustiani (2018)”. “Babandingan Struktural Carita Drama Nyi Bagendit jeung Dongéng Sasakala Situ Bagendit pikeun Bahan Pangajaran Maca Dongéng di Kelas VII SMP ku Saepul Mubaroq (2019)”. Sababaraha jurnal anu ngulik sastra bandingan diantarana “*Perbandingan Cerita Putri Kasangsara Karya Raden Ayu Lasminingrat dan Gadis Angsa Karya Jacob Grimm (Seminar Internasional, Sastra, Budaya, dan Pembelajaran)* ku Ruhaliah (2018)”. “*Perbandingan Dongeng Nusantara untuk Bahan Pembelajaran Bahasa Sunda (Kajian Struktural dan Nilai*

Santiah, 2021

BABANDINGAN DONGÉNG SANG RAJA PUTRI SARENG SADÉRÉKNA DUAWELAS KARYA LASMININGRAT, “THE TWELVE BROTHERS”, JEUNG “DUA BELAS BERSAUDARA” KARYA JACOB GRIMM (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG SASTRA BANDINGAN)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Pendidikan Karakter) ku Kahfid, Iskandarwassid, jeung Ruswendi Permana (2019)".

Dumasar kana panalungtikan nu geus disebutkeun aya sababaraha komponén anu béda tangtuna tina objék anu ditalungtik. Objék dina ieu panalungtikan nyaéta dongéng *Sang Raja Putri sareng Sadérékna Duawelas*, "*The Twelve Brothers*" jeung "*Dua Belas Bersaudara*". Ieu panalungtikan teu dipatalikeun jeung bahan pangajaran, tapi ieu panalungtikan maluruh ngeunaan sasaruana, bébédaan jeung motif indeksna sarta struktur carita anu dipaluruh nyaéta téma, fakta carita, jeung sarana carita. Dumasar kana pasualan-pasualan anu geus di dadarkeun di luhur, ieu panalungtikan anu judulna "Babandingan dongéng *Sang Raja Putri sareng Sadérékna Duawelas* Karya Lasminingrat, "*The Twelve Brothers*", jeung "*Dua Belas Bersaudara*" karya Jacob Grimm (Ulikan Struktural jeung Sastra Bandingan)", perlu dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang anu geus disebutkeun ti heula, aya sababaraha masalah anu baris dipaluruh dina ieu panalungtikan. Dirumuskeun saperti kieu:

- 1) kumaha struktur dina dongéng *Sang Raja Putri sareng Sadérékna Duawelas* karya Lasminingrat, "*The Twelve Brothers*", jeung "*Dua Belas Bersaudara*" karya Jacob Grimm?
- 2) kumaha babandingan struktur dongéng *Sang Raja Putri sareng Sadérékna Duawelas* karya Lasminingrat, "*The Twelve Brothers*", jeung "*Dua Belas Bersaudara*" karya Jacob Grimm?
- 3) kumaha motif indéks anu kapanggih dina dongéng *Sang Raja Putri sareng Sadérékna Duawelas* karya Lasminingrat, "*The Twelve Brothers*", jeung "*Dua Belas Bersaudara*" karya Jacob Grimm?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Dumasar kana rumusan masalah anu dipedar saméméhna, ieu panalungtikan téh miboga dua tujuan.

Santiah, 2021

BABANDINGAN DONGÉNG SANG RAJA PUTRI SARENG SADÉRÉKNA DUAWELAS KARYA LASMININGRAT, "THE TWELVE BROTHERS", JEUNG "DUA BELAS BERSAUDARA" KARYA JACOB GRIMM (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG SASTRA BANDINGAN)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, tujuan tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun nambahan pangaweruh dina karya sastra utamana widang sastra bandingan. Di sagigireun éta ogé pikeun nambahan panalungtik sastra bandingan antara karya sastra Sunda jeung karya sastra deungeun.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun hal-hal saperti ieu dihandap.

- 1) Pikeun ngadéskripsikeun struktur carita dongéng *Sang Raja Putri sareng Sadérékna Duawelas*, “*The Twelve Brothers*”, jeung “*Dua Belas Bersaudara*”;
- 2) Pikeun maluruh babandingan struktur carita dongéng *Sang Raja Putri sareng Sadérékna Duawelas*, “*The Twelve Brothers*”, jeung “*Dua Belas Bersaudara*”;
- 3) Pikeun maluruh motif indéks naon waé anu aya dina dongéng *Sang Raja Putri sareng Sadérékna Duawelas*, “*The Twelve Brothers*”, jeung “*Dua Belas Bersaudara*”.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat dina ieu panalungtikan kabagi jadi opat, nyaéta mangpaat tina segi téoritis, praktis, kawijakan, jeung isu sosial.

1.4.1 Mangpaat tina Segi Téoritis

Mangpaat téoritis dina ieu panalungtikan nyaéta hasil dina ieu panalungtikan bisa ngeuyeuban pangaweruh jeung pamahaman dina élmu kasastraan, hususna anu patali jeung panalungtikan dongéng sarta anu ngagunakeun pamarekan sastra bandingan.

1.4.2 Mangpaat tina Segi Praktis

Hasil dina ieu panalungtikan dipiharep miboga mangpaat praktis pikeun pihak-pihak anu aya patalina jeung panalungtikan.

- 1) Pikeun panalungtik, panalungtik meunang élmu pangaweruh ngeunaan strukturalisme jeung sastra bandingan tina dongéng *Sang Raja Putri sareng Sadérékna Duawelas*, “*The Twelve Brothers*”, jeung “*Dua Belas Bersaudara*”;
- 2) Pikeun masarakat sacara umum, hususna anu resep maca karya sastra bisa méré gambaran jembarna karya sastra;
- 3) Pikeun mahasiswa, ieu hasil panalungtikan bisa dijadikeun sumber rujukan hususna dina widang dongéng anu maluruh ngeunaan sastra bandingan.

1.4.3 Mangpaat tina Segi Kawijakan

Méré arahan kawijakan pikeun mekarkeun bacaan karya sastra daérah jeung karya sastra asing anu silih pakait, sangkan diterapkeun dina prosés literasi di dunya pendidikan, anu patali jeung kawijakan *pengembangan, pembinaan, dan perlindungan bahasa dan sastra*.

1.4.4 Mangpaat tina Segi Isu Sosial

Méré informasi ka sakabéh pihak ngeunaan kamekaran sastra dina nelaah sastra asing jeung sastra umum, utamana dina maluruh pangaruh antar tilu karya dina basa anu béda-béda.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu panalungtikan téh disusun jadi sababraha bab, sakumaha pedaran ieu di handap.

Bab I Bubuka. Eusina ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu dibagi jadi dua; tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan anu dibagi jadi opat; mangpaat tina segi téoritis, mangpaat tina segi praktis, mangpaat tina segi kawijakan, jeung mangpaat tina segi isu sosial, sarta raraga tulisan.

Santiah, 2021

BABANDINGAN DONGÉNG SANG RAJA PUTRI SARENG SADÉREKNA DUAWELAS KARYA LASMININGRAT, “THE TWELVE BROTHERS”, JEUNG “DUA BELAS BERSAUDARA” KARYA JACOB GRIMM (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG SASTRA BANDINGAN)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Bab II Ulikan Pustaka. Dina ulikan pustaka anu diguar nyaéta ngeunaan dongéng, téori strukturalisme Robert Stanton, téori sastra bandingan Endraswara, jeung motif indéks Stith Thompson, panalungtikan saméméhna raraga mikir. Dumasar kana kasang tukang panalungtikan, pasualan-pasualan anu jadi patarosan, sarta luyu jeung objék kajian panalungtikan.

Bab III Metode Panalungtikan. Ngadéskripsikeun metode deskriptif analisis pamarekan kualitatif, sumber data panalungtikan, desain panalungtikan, tehnik panalungtikan, instrument panalungtikan.

Bab IV Hasil Panalungtikan. Ngadéskripsikeun hasil analisis dongéng *Sang Raja Putri sareng Sadérékna Duawelas* karya Lasminingrat, “*The Twelve Brothers*” jeung dongéng “*Dua Belas Bersaudara*” Karya Jacob Grimm ulikan struktural Stanton jeung sastra bandingan Endraswara.

Bab V Kacindekan. Ngadéskripsikeun Kacindekan dina hasil analisis dongéng *Sang Raja Putri sareng Sadérékna Duawelas* karya Lasminingrat, “*The Twelve Brothers*” jeung dongéng “*Dua Belas Bersaudara*” Karya Jacob Grimm , sarta saran pikeun panalungtikan salajengna.